

Rete Pwoteje kont COVID-19 – Medicare Kouvri Vaksen an



Medicare kouvri vaksen maladi kowonavirus 2019 (COVID-19) ak administrasyon vaksen an san ou pa peye anyen.

Pale ak doktè w oswa depatman sante lokal ou sou zafè pran vaksen an. Asire ou pote kat Medicare wouj, blan ak ble w la avèk ou, menm si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage. Founisè w la ap bezwen Nimewo Medicare w la pou voye bòdwo bay Medicare.

- Ale sou [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov) pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti Medicare pou vaksen COVID-19 la ak lòt sèvis ki gen rapò.
- Konekte sou (oswa kreye) kont sekirize w la sou [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov) pou enprime yon kopi ofisyèl Medicare.
- Ale sou [CDC.gov/coronavirus](https://www.CDC.gov/coronavirus) pou jwenn enfòmasyon sou vaksen yo ak mezi ou kapab pran pou kenbe tèt ou ak lòt yo an sekirite kont COVID-19 la.